| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Kadmiy | Cadmium | Кадмий | Cadmium | Cd |
| Kobalt | Cobaltum | Кобальт | Cobalt | Co |
| Nikel | Nickelum | Никель | Nickel | Ni |
| Yod | Iodum | Йод | Iodine | Y |
| Sınap | Hidrargi-rum | Ртуть | Mercury | Hg |
| Altın | Aurum | Золото | Gold | Au |
| Surma | Stabium | Сурьма | Antimony | Sb |
| Mishyak | Arsenium | Мышьяк | Arsenic | As |
| Molib-den | Molyb-denum | Молиб-ден | Molyb-denum | Mo |
| Selen | Selenium | Селен | Selenium | Se |

Oqıwshılar ximiyalıq element atların rus hám ingliz tillerinde úyrenip alsa, túrli zatlar atınıń da úyreniwleri ańsat boladı. Anorganikalıq zatlardan oksid, kislota, tiykar hám duzlardı atawda ximiyalıq elementlerdi biliw úlken áhmiyetke iye esaplanadı. Sonıń ushın oqıwshılarǵa dáslep ximiyalıq elementlerdi tereń úyretiw zárúr esaplanadı. Ximiya sabaqlarında pánleraralıq baylanıslılıqtı támiyinlew arqalı oqıwshılardıń pándi hám tildi úyreniwge bolǵan qızıǵıwshılıǵın asırıwǵa hám de óz ústinde islewine járdem beredi [2].

Juwmaqlap aytqanda, ximiya táliminde integraciyanı ámelge asırıw máselelerin úyreniw, atap aytqanda, ximiya, fizika, matematika sabaqlıqlarınıń teoriyalıq analizi bul pánler arasında tıǵız baylanıs támiyinlenbegenligi, matematika sabaqlıqlarında ekologiyalıq mazmundaǵı máselelerdiń, joqarı klaslarda bolsa fizika, izertlew máseleler muǵdarı azayıp ketkenligi anıqlanǵan. Usı pánlerdi integraciya qılıw maqsetinde: ekologiyalıq, fizikalıq, ximiyalıq mazmundaǵı máseleler sabaqlıqlardıń jańa áwladların kóbeytiw; usı pánlerde keń qollanılatuǵın túsinikler, modellestiriw kónlikpesi, funkcional baylanıs, teńlemelerdi sheshiw kónlikpelerin qáliplestiriwge ayrıqsha áhmiyet beriw hám olardı qánige dárejesine jetkiziw maqsetke muwapıq.

## Ádebiyatlar

1. Yo‘ldoshev J.G‘., Usmonov S.A. Pedagogik texnologiya asosları. – Toshkent: «O‘qituvchi», 2004. 7-b.
2. Meliboyeva G.S. Kimyoni o‘qitishda zamanoviy innovacion texnologiyalar. –Toshkent: 2020.
3. Avlayev O.U., Jo‘rayeva S.N., Mirzayeva S.P. Ta’lim metodlari. O‘quv-uslubiy qo‘llanma. -T.: «Navro‘z», 2017.
4. Parpiev N.A., Raximov X.R., Muftaxov A.G. Anorganik kimyo nazariy asoslari. –Toshkent: «O‘zbekiston», 2000.
5. Aymurzaeva L.G., Kamalova M.O. // «Марганец тобы элементтері» тақырыбын оқытуда графикалық органайзерлерден пайдалану. // «Инновационные технологии в современном образовании: стратегия, задачи, внедрение»: Материалы международной научно-практической конференции, 23 февраля 2024 года. II Книга. – Костанай: Костанайский региональный университет имени А.Байтұрсын ұлы. 2024. –С.815.
6. Aymurzaeva L.G., Aytbaeva H.B., Kamalova M.O. «Marganec toparshası elementleri» temasın oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıw. // «Ilim hám jámiyet». –Nókis: 2024. № 6/2.

**REZYUME.** Ushbu maqolada kimyo darslarida kimyoviy elementlarni o‘qitishda pinbord usulidan foydalanib integratsion o‘qitish masalalari keltirilgan. Integrasiyalashgan o‘qitishda talabalarda fanlararo kompetensiya rivojlantiriladi, logik fikrlash hosil bo‘ladi, va talabalarning ijodkorligini va faolligini oshiradi.

**РЕЗЮМЕ**. В данной статье представлены вопросы интеграционного обучения с использованием метода пинборд при обучении химическим элементам на уроках химии. При интегрированном обучении у студентов развивается межпредметная компетентность, формируется логическое мышление, повышаются творческие способности и активность учащихся.

.**SUMMARY.** This article presents the issues of integrated learning using the pinboard method when teaching chemical elements in chemistry lessons. With integrated learning, students develop interdisciplinary competence, logical thinking is formed, and creativity and activity of students increase.

# GEOGRAFIYA PÁNIN OQÍTÍWDA «JOYBAR» SABAǴÍNAN PAYDALANÍWDÍŃ ÁHMIYETI

**R.T.Gaypova –** *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*
**N.B.Maxsetbaev –** *talaba*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** geografiya, metodika, metod, dars, loyiha, maqola, pedagogik texnologiya, natijaviylik.
**Ключевые слова:** география, методика, метод, урок, проект, проблема, педагогические технологии, результат.
**Key words:** geography, methodology, method, lesson, project, problem, pedagofical technologies, result.

Házirgi waqıtta ulıwma bilim beretuǵın mekteplerde oqıwshılardıń zamanagóy bilim hám kónlikpe, uqıplarǵa iye bolıwı kerek. Bunıń ushın bolsa geografiya sabaqlarında pedagogikalıq hám innovaciyalıq, xabar texnologiyalarınan paydalanılsa maqsetke muwapıq boladı.

Geografiya páni oqıtıwshısı óz oqıwshılarınıń úyreniw procesin jaqsılawǵa, oqıwǵa motivaciya oyatıwǵa háreket etedi. Sabaq qızıqlı hám nátiyjeli ótiwi ushın joybar usılınan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı. Sol sebepli hárqıylı usıllardı qollanıp nátiyje alıwǵa umıtıladı. Áne, sonday nátiyje beretuǵın usıllardan biri joybar sabaqları bolıp esaplanadı. Joybar sabaqları oqıwshıda sın kózqaras penen qaraw hám analitikalıq pikirlew, mashqalalardı sheshiw kónlikpelerin rawajlandıradı. Olardı dóretiwshilik, jańa ideyalardı sınap kóriw arqalı teoriyalıq bilimdi ámelde qollanıwǵa shaqıradı. Usı joybar sabaqta úyrengen teoriyalıq bilimdi kúndelikli turmısta qóllanıw múmkinshiligi bar ekenligi ushın

joybar sabaǵı oqıwshılardı tálim procesine tereńirek qosıw imkaniyatın beredi hám olarda úyreniwge motivaciya payda etedi.

Sabaqtı tek tálim mazmunın jetkiziw forması retinde kórip shıǵıw múmkin emes, onı oqıwshılardıń rawajlanıw deregi retinde, oqıtıwshı hám oqıwshılardıń birgeliktegi iskerligin aqılǵa say shólkemlestiriwde kórinetuǵın bolıwı olardıń kognitiv kúshleri hám múmkinshiliklerin ashıw retinde qádirlew kerek [1].

Joybar sabaǵı – aktiv úyreniw, sın kózqaras penen pikir júrgiziw hám bilimlerdi ámeliy qollanıwdı rawajlandırıw ushın geografiyada kóp jaǵdaylarda qollanılatuǵın innovaciyalıq oqıtıw usılı bolıp tabıladı. Bul oqıtıw oqıwshılardı geografiyalıq túsiniklerdi tereń úyreniw hám olardı real mashqalalar menen baylanıstırıw ushın kópshilik waqıtlarda oqıwshılar menen birge islesiw belgili bir wazıypalar yamasa joybarlar ústinde jumıs alıp barıwdı óz ishine aladı. Geografiyanı oqıtıwda joybar sabaqlarınan paydalanıwdıń áhmiyeti hám onıń abzallıqları, ózgeshelikleri tómendegishe:

1. Oqıwshılarǵa baǵdarlanǵan bilimlendiriw bunda, oqıwshı tańlanǵan geografiyalıq temalar boyınsha izertlew, analiz qılıw hám maǵlıwmatlardı usınıw arqalı óz bilimi, uqıbın kórsete aladı.
2. Pánler aralıq qatnas jasaw bunda, geografiya páni boyınsha joybarlar kópshilik jaǵdaylarda ekonomika, tariyx yamasa qorshaǵan ortalıq haqqındaǵı tábiyiy pánler aralıq sıyaqlı tiyisli tarawlardaǵı bilimlerdi birlestiredi.
3. Haqıyqıy dúnya qosımshası, bunda joybarlar urbanizaciya, klimattıń ózgeriwi, tábiiy apatlar yamasa resurslardı basqarıw sıyaqlı real turmıstaǵı geografiyalıq mashqalalarǵa itibar qaratıwı múmkin.
4. Birgeliktegi hám toparlardaǵı islesiw, bunda oqıwshılar yamasa talaba jaslar kópshilik jaǵdaylarda bolǵan halda isleydi, baylanıs, topar-topar bolıp islew sıyaqlı kónlikpelerin rawajlandıradı.
5. Dóretiwshilik hám innovaciyalar; Oqıwshılar temanı túsiniw barısında prezentaciya qılıw ushın kartalar, modeller, slaydlar yamasa multimediya joybarların jaratıwı múmkin boladı.

Joybar usılı – bilim beriwshiniń aldındaǵı iskerlik modelin dúziw, bar bolǵan sharayatlarda ornatılǵan waqıt dawamında usıl hám qurallardı tallaw ushın, maqsetke erisiw basqıshların belgilew, maqsetti tuwrı qoya biliw, olar tiykarında óz aldına wazıypalardı júzege keltiriw, oqıw informaciyasın oqıwshıǵa jetkeriw usılı, usıl hám qurallardı anıqlaw iskerligi bolıp esaplanadı [2].

«Geografiya» páninen joybar sabaǵın ámelge asırıwda tómendegi basqıshlardı ámelge asırıw kerek:

a) Temanı tańlap alıw: urbanizaciya procesiniń unamlı hám unamsız tárepleri yamasa ekologiyalıq mashqalalar hám olardıń sheshimi temaları sıyaqlı bir tema alıwı kerek boladı.

b) Joybar sabaǵınıń maqsetin qoyıw: joybar ushın anıq nátiyjelerdi belgilew, olardıń oqıw rejesine sáykes keliwinde táminlew kerek.

c) Jumıs iskerligin rejelestiriw: joybardı basqarılatuǵın wazıypalarǵa ajıratıw, mısalı, maǵlıwmatlardı toplaw hám analizlew.

d) Sabaq ushın kerek bolatuǵın resurslardı usınıw: geografiyalıq kartalar, atlaslar, online maǵlıwmatlar bazaları (mısalı, GIS) sıyaqlı oqıw qurallardı usınıwdan ibarat.

e) Qollanbalı izertlew hám analizlew: oqıwshılarǵa maǵlıwmatlardı tabıwı, GIS sıyaqlı qurallardan paydalanıwdıń hám geografiyalıq belgilerdiń túsindiriliwi haqqında úyretiw.

f) Prezentaciyanı xoshametlew: oqıwshılar óz juwapları hám analizlerin plakatlar, esabatlar ya bolmasa sanlı prezentaciyalar arqalı usınıwı múmkin.

g) Bahalaw hám dodalaw: joybarlardı ózine tán ekenligin, tereń qılınǵan analiz hám toparlıq jumıslar sıyaqlı kategoriyalar tiykarında bahalawdan ibarat boladı.

Joqarıda atap ótilgen basqıshlar izbe-izligi hám tártipli orınlanılıwı arqalı biz oqıwshılardı sapalı geografiyalıq bilimler menen oqıta alıw imkaniyatımız artadı hám ele de ónimli hám nátiyjeli boladı.

Geografiya sabaqlarında joybar metodınan paydalanıw oqıwshılardıń óz betinshe pikirlewin rawajlandırıw hám temanı tereń ózlestiriwge járdem beredi. Tómende bul temaǵa baylanıslı bolǵan shet elli pedagog hám qánigelerdiń qálemine tiyisli shıǵarmaları jáne olarda keltirilgen pikirler menen tanısıp, mısal keltiriwge boladı:

The Project Method: – Kilpatrik U.X. Kilpatriktiń joybar metodı tálimi procesin ózbetinshe ózlestiriw iskerligi sıpatında qarap bahalaydı. Onıń pikirine bola, oqıwshılardı real turmıslıq mashqalalardı sheshiwge baǵdarlaw arqalı olardıń qızıǵıwshılıǵı hám itibarın asırıwı múmkin. Geografiya sabaqlarında bul usıldı qollanıw arqalı oqıwshılardı qorshaǵan ortalıq mashqalaları, klimat ózgeriwi yamasa qala qurılısı sıyaqlı temalarda joybarlar jaratıwǵa tartıw usınıs etiledi [3].

Project – Based Learning: An Inquiry Approach – D. Levingston hám S.X Parker. Levingston hám Parkerlerdiń bul shıǵarmasında joybar tiykarında oqıtıwdıń ámeliy tárepleri kórsetilgen. Avtorlar oqıwshılardıń óz betinshe izleniwi hám izertlew alıp barıw kónlikpelerin rawajlandırıw ushın joybar metodınan paydalanıwdı usınıs etedi [4].

Geografiya sabaqlarında bunday joybarlıq sabaqtı qollanıw arqalı oqıwshılardı jergilikli geografiyalıq mashqalalardı úyreniw hám de olarǵa durıs bolǵan sheshimlerdi usınıwdan ibarat.

Geography Education Research in the UK: Retrospect and Prospect– J.Morgan. J.Morgannıń bul shıǵarmasında Ullı Britaniyada geografiya tálimi boyınsha alıp barılǵan izertlewler analiz etilgen. Avtor shıǵarmasında joybar metodınıń geografiya tálimindegi áhmiyetin atap ótip, oqıwshılardıń ámeliy kónlikpelerin rawajlandırıwda onıń nátiyjeliligin kórsetedi [5].

Geografiya sabaqlardında joybar metodın qollanıw arqalı oqıwshılardıń aymaqlıq analizleri, kartalastırıw hám ekologiyalıq mashqalalardı sheshiw sıyaqlı kónlikpe hám bilimlerin arttırıw múmkin bolıp tabıladı.

Teaching Geograpy Creatively – S.Scoffham. S.Scoffhamnıń bul shıǵarmasında geografiya sabaqların kórkemlik qatnaslar, sol qatarda, joybar metodınan paydalanıw boyınsha ámeliy másláhátler berilgen. Avtor oqıwshılardıń izleniwsheńligin arttırıw hám sabaqlardı qızıqlı qılıw ushın hár qıylı bolǵan joybarlardı shólkemlestiriwdi usınadı [6].

Máselen, oqıwshılardıń ózleri jasaytuǵın orınlardaǵı geografiyalıq qubılıs ózgesheliklerin úyreniw, kartalar jaratıw yamasa ekologiyalıq kishi kólemdegi oqıw shólkemlerin shólkemlestiriw sıyaqlı joybarlardı maqset etip alǵan.

Sonday-aq, búgingi kúnde geografiya sabaqların túsindiriw hám oqıtıw barısında joybarlı sabaq metodlarınan paydalanıp sabaq ótiwdiń abzallıqları hám ústin tárepleri kóplep ushırasadı.

Joybar sabaqları «Geografiya» páninde zamanagóy tálim talapları hám ámeliyatına sáykes keletuǵın nátiyjeli oqıtıw metodı bolıp tabıladı. Bul metod oqıwshılardıń belsendiligin asırıwǵa, óz betinshe pikir júrgize alıwǵa, dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwǵa, óz ústinde isley alıwǵa hám ilimiy izertlew jumısların alıp barıwǵa járdem beredi. Tómende joybar sabaqlarınan «Geografiya» páninde paydalanıwdıń zamanagóy talapları hám abzallıqları keltirilgen:

1. Interaktiv tálim. Zamanagóy oqıtıw metodları oqıwshılardıń bilimin hám belsendiligin asırıwǵa qaratılǵan. Joybar sabaqları interaktiv metodlardan paydalanıwdı usınıs etedi, bul bolsa oqıwshılardıń kóbirek tájiriybe arqalı úyreniwin támiyinleydi. Geografiya sabaqlarında bul metodtı qóllanıw arqalı oqıwshılar real mashqalalardı úyrenip, ámeliy kónlikpelerdi rawajlandıradı.

2. Insannıń jámiyettegi roli hám ekologiyalıq juwapkershilik. Házirgi kúnde «Geografiya» pániniń tiykarǵı baǵdarlarınan biri – qorshap turǵan ortalıqtı qorǵaw hám ekologiyalıq juwapkershilikti arttırıw bolıp tabıladı. Joybar sabaqları arqalı oqıwshılar ekologiyalıq mashqalalardı sheshiwge umtıladı, bul bolsa, olardıń jámiyettegi juwapkershilik sezimin asırıwǵa jol ashadı.

3. Oqıwshılardıń óz betinshe islewi. Joybar sabaqları oqıwshılarǵa óz betinshe izertlew alıp barıw hám toparlıq jumıstı shólkemlestiriw imkaniyatın beredi. Bul metod oqıwshılardı óz bilimlerin real mashqalalardı sheshiwde qollanıwǵa iytermeleydi.

4. Texnologiyalardan paydalanıw. Zamanagóy geografiya sabaqları texnologiyalardan keń paydalanıwdı talap etedi. Joybar metodında oqıwshılar geografiyalıq informaciya sistemaları (GIS), sanlı kartalar, onlayn platformalar hám basqa qurallardan paydalanǵan halda islewi múmkin.

Geografiya sabaqlarında joybar metodlarınan paydalanıw oqıwshılardıń erkin pikirlew hám ilimiy izertlew alıp barıw qábiletlerin rawajlandıradı. Bul metod oqıwshılarǵa geografiyalıq máselelerdi analiz qılıwda, mashqalalardi anıqlaw hám sheshim tabıwda, maǵlıwmatlardı jıynaw hám bahalawda ámeliy kónlikpelerdi iyelew imkaniyatın beredi. Joybar jumısları oqıwshılarǵa real dúnya jaǵdaylarına sáykes keletuǵın máseleler menen shuǵıllanıwǵa múmkinshilik jaratadı hám olar óz ilimiy qatnasların qáliplestiredi.

Keleshektegi ilimiy jumıslar ushın joybar metodları tómendegi tarawlarda qollanılıwı múmkin:

1. Geografiyalıq izertlewler. Oqıwshılar joybar tiykarında geografiyalıq aymaqlardıń tábiiy resursları, klimat ózgerisleri, urbanizaciya proceslerin úyrenip, ilimiy izertlewler alıp barıwı múmkin.

2. Eksperimentler hám tájiriybeler. «Geografiya» pánindegi ilimiy jumıslarda oqıwshılar geografiyalıq maydanshadaǵı jumıslarda, eksperimentler hám statistikalıq maǵlıwmatlar tiykarında ilimiy izertlewler ótkeriwi múmkin.

3. Innovaciyalıq sheshimler. Joybar metodları arqalı oqıwshılar global máseleler (mısalı, klimat ózgeriwindegi temperaturanıń normadan artıq kóterilip ketiwi yamasa kerisinshe, temperaturanıń normal jaǵdaydan kóre suwıp ketiwı, qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwı, okean hám teńiz suwlarınıń pataslanıwı, ishimlik suwınıń jetispewshiligi) boyınsha innovaciyalıq sheshimler islep shıǵıwı múmkin.

Juwmaqlap aytqanımızda, geografiya sabaqlarında joybar metodları járdeminde oqıwshılar hám ilimiy izertlewshilerdiń ózleriniń ilimiy kónlikpelerin bekkemlewi hám ámeliyatta qollanıwı múmkin. Bul metodtı qollanıw ilimiy jumıslar ushın jáne de nátiyjeli hám jańadan-jańa interaktiv usıllardı orınlı paydalanıp biliwge hám jaratıwǵa mumkinshilik beredi.

**Ádebiyatlar**

1. Gaipova R., Maxsetbaev N. Geografiya sabaqların oqıtıwda zamanagóy texnologiyalardan paydalanıwdıń áhmiyeti. // –Nókis. QMU, «Xabarshı», 2024- jıl, № 4(67). 215-217-b.

2. Qaraxanova L.M. Loyihalash usuli o‘quvchilarda tadqiqotchilik kompetensiyasini rivojlantirish omili sifatida. // Образование и инновационные исследования 2023. № 9. 239-b.
3. The Project Method: The Use of the Purposeful Act in the Educative – Process U.X. Kilpatrik. «Harper and row» - New York: 2008.
4. “Project-Based Learning: An inquiry Appoarch” D.Levingston, S.X. “Parker Corwin Press” Thousand Oaks 2008.
5. “Geography Education Research in the UK: Retrospect and Prospect” J. Morgan. “British Educational Research Journal”, 2001.
6. “Taerching Geography Creatively” S. Scoffham. ‘Routlendge” –London: 2007.

**REZYUME.** Ushbu maqolada umumiy o‘rta ta’lim maktablarida geografiya fanidan «loyiha» darslarini o`qitish va uning ahamiyati, xorijiy olimlar fikrlari, loyiha darsidan o‘quvchilarning bilimi, ko`nikma va malakalarini shakllantirishdagi roli va fikrlash darajasini va dars samaradorligini oshirishga e’tibor qaratiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается преподавание «проектных» уроков по географии в общеобразовательных школах и их значение, мнения зарубежных ученых, роль проектных уроков в формировании знаний, умений и навыков учащихся, повышении уровня их мышления и эффективности уроков.

**SUMMARY.** This article focuses on teaching "project-based" lessons in geography in general secondary schools and their significance, the opinions of foreign scholars, the role of project-based lessons in developing students' knowledge, skills, and competencies, enhancing their level of thinking, and increasing lesson effectiveness.

## TEATR ORQALI UMUMTA’LIM, OLIY TA’LIM MUASSASI TALABALARINI MA’NAVIY-AXLOQIY TARBIYALASHNING RIVOJLANISH HOLATI

**U.E.Qalandarov** – *mustaqil tadqiqotchi*
*Urganch davlat universiteti*

**Tayanch so’zlar:** teatr san’ati, axloqiy tarbiya, ma’naviy rivojlanish, estetik tarbiya, ijodiy salohiyat, jamoaviy muloqot, teatr pedagogikasi, aktyorlik psixotexnikasi, sahna plastikasi, teatr texnologiyalari.

**Ключевые слова:** театральное искусство, нравственное воспитание, духовное развитие, эстетическое воспитание, творческий потенциал, коллективное общение, театральная педагогика, психотехника актёра, сценическая пластика, театральные технологии.

**Key words:** theater art, moral education, spiritual development, aesthetic education, creative potential, collective communication, theater pedagogy, actor’s psychotechnics, stage movement, theater technologies.

**Kirish.** Teatr ijodi katta jamoaviy yuk. Birinchidan, teatr spektakli qo‘shma faoliyatning “mahsuloti” bo‘lib, u har bir talabaning kuchini jamlashni talab qiladi. Umumiy muvaffaqiyat uning say-harakatlariga bog‘liqligini tushungan holda, qo‘shma teatr ishining har bir ishtirokchisi o‘z hissasini qo‘shadi. Ikkinchidan, ishlab chiqarish vazifalarining xilma-xilligi (sahna, aktyorlik, dizayn) har bir ishtirokchiga o‘z imkoniyatlari va qobiliyatlarini maksimal darajada amalga oshirishga imkon beradi. Uchinchidan, teatr ijodi jamoaning hissiy birligiga hissa qo‘shadigan umumiy tajriba holatlariga boy. Ular o‘z-o‘zidan paydo bo‘ladi yoki rahbar tomonidan boshlanishi mumkin [1].

Har qanday ish shakli jamoaning u yoki bu a’zosi (tug‘ilgan kun, o‘qish tanlovi g‘olibi va boshqalar) atrofida teatrlashtirilgan tomoshani tashkil qilish imkonini beradi. Aynan shu daqiqalarda talabalar ssenariy yozish va improvizatsiya qilishda o‘zlarini sinab ko‘rishadi. Bunday dam olish tadbirlarida qatnashish nafaqat tasavvurni uyg‘otadi, talabalarning bayramni tashkil etishdagi mas’uliyatini oshiradi, balki ularni o‘rtoqlari haqida o‘ylashga, qaysi xarakter xususiyatlarini maqtash kerakligini va qaysi biri haqida xushmuomalalik bilan hazil qilish mumkinligini eslashga majbur qiladi. Oliy ta’lim o‘qituvchisi oldida kutilmagan vaziyatlar va muammolar paydo bo‘ladi va u tezda harakat qilishi, zukkolik, xayrixohlik va sabr-toqatni namoyon qilishi kerak. U har bir talabaning hayoti va xarakterini bilishi, talabalarning his-tuyg‘ulari va fikrlarini tushuna olishi kerak.

Teatr tomoshasini tayyorlash jarayonida oliy ta’lim muassasi talabalarining faoliyati birinchi navbatda estetik faoliyat bo‘lishi kerak. Bu oliy ta’lim muassasi talabalarida voqelikni, uning turli ko‘rinishlarida hayotning barcha jabhalarini bilishga munosabatni yaratishni, ularni tashvishga solayotgan axloqiy muammolarni aks ettirishni nazarda tutadi.

Teatr pedagogikasining estetik vazifasi, birinchi navbatda, shaxsning butun ijodiy salohiyatini shakllantirish, mehnat, ta’lim va boshqa sohalarda ijodiy faoliyat qobiliyatini rivojlantirishda namoyon bo‘ladi [2].

Nihoyat personajlarni taqdim etishdan iborat bo‘lgan o‘yin bu ishlarning barchasini yakunlaydi va dramatik ish oliy ta’lim muassasi talabalarida madaniy qiziqish va talablarni uyg‘otishga yordam beradi. Spektaklni yaxshi sahnalashtirish uchun siz tasvirlangan voqealarga mos keladigan davrni o‘rganishingiz, muallif ijodining o‘ziga xos xususiyatlari bilan tanishishingiz kerak. Spektakl ustida ishlash jarayonida talabalar kuzatish va baholashni o‘rganadilar. Ko‘pincha studiyaga kelgan yigitlarning ko‘pchiligi nima qilishlari haqida noaniq tasavvurga ega. Ularning teatr faoliyati haqidagi fikri shundan iboratki, u faqat sahnaga chiqishdan iborat.

Zero tashqi erkinlik ichki erkinlikning aksidir. Va bu ishonch insonga ichki erkinlik beradi: muayyan masala bo‘yicha bilimga asoslangan erkinlik. Ammo